

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan nulis téh kacida pentingna utamana dina dunya atikan, sabab nulis mangrupa salasihiji pakakas komunikasi anu henteu langsung. Lian ti éta, ku cara nulis bisa mantuan siswa pikeun mikir kritis. Nurutkeun Sudaryat, Yayat (2012, kc.99) kaparigelan nulis mangrupa kamampuh hiji jalma dina ngawasa basa ngaliwatan tulisan nu di eusina ngébréhkeun basa hiji jalma pikeun nepikeun ide, konsép, jeung gagasan nu ngandung ma'na. Dina prak-prakanana, nulis téh henteu gampang, malah kawilang hésé. Ieu hal lantaran salian ti kudu nangtukeun ide, nalika nulis gé kudu puguh eunteup seureuhna naon maksud nu rék ditepikeun dina hiji tulisan.

Dina raraga ngébréhkeun basana, aya dua média nu ilahar digunakeun, nyaéta média lisan jeung media tulisan. Média tulisan patali jeung karya sastra. Aya dua rupa karya sastra, nyaéta karya sastra fiksi jeung karya sastra non-fiksi. Karya sastra fiksi nyaéta karya sastra wangun rékaan contona novél, carpon, dongéng jsb. Sedengkeun karya sastra non-fiksi ngawengku artikel, éséy, jurnal, *feature* jrrd. Salasihiji karya sastra non-fiksi nu ka asup kana matéri pangajaran di SMA nyaéta artikel. Artikel kaasup matéri nu aya dina buku pangajaran basa Sunda tur diajarkeun di kelas XII.

Ayana pangajaran basa Sunda, hususna dina kaparigelan nulis dipiharep bisa jadi bongbolong sangkan siswa maham kana kalungguhan basa Sunda minangka basa daérahna nu salawasna kudu digunakeun, salasihiji na ku cara nulis artikel tur salaku upaya pikeun ngamumulé basa Sunda. Ieu hal luyu jeung pamadegan Haerudin & Sejati (2020, kc.180) yén pangajaran basa Sunda dipiharep mampuh ngarojatkeun kaparigelan siswa pikeun ngébréhkeun gagasan jeung rasa ngaliwatan pamakéan basa Sunda nu bener. Ku kituna, Sangkan siswa parigel dina nulis, bisa diasah ngaliwatan matéri pangajaran nulis artikel.

Luyu jeung Kurikulum 2013 révisi 2017 tingkat SMA kelas XII nyebutkeun yén siswa diperedih bisa nulis artikel. Anapon Kompetensi Dasar (KD) nu kudu dihontal siswa nyaéta “4.5 Menulis artikel sederhana berbahasa Sunda dengan memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah kebahasaan”.

Upama nilik kompetensi dasar ngeunaan nulis artikel, kapaluruh yén udagan nu kudu dihontal ku siswa téh nyaéta kompetensi tulisan kalayan nyangking dua aspék. Anu kahiji nyaéta siswa kudu bisa nulis artikel basa Sunda nu basajan, nu kadua nyaéta siswa kudu bisa nulis artikel kalayan ngagunakeun struktur jeung kaidah kabasaan basa sunda nu bener. Struktur artikel nu ngawengku judul tulisan (*head*), bubuka (*lead*), eusi (*body*), jeung panutup (*ending*) sarta nu jadi aspék dina struktur nyaéta eusi jeung organisasi eusi. Sedengkeun kaidah atawa aspék kabasaan basa Sunda ngawengku diksi, makéna basa, sarta éjahan jeung tanda baca.

Dina kanyataanna, kurangna pamahaman siswa ngeunaan artikel ngabalukarkeun kana kurangna kamampuh siswa dina nulis artikel nu luyu jeung struktur ogé aspék kabasaan basa Sunda. Ieu hal luyu jeung hasil wawancara guru basa Sunda SMA Negeri 1 Rancaekek nu nétélakeun ngeunaan kaparigelan nulis artikel nu dianggap masih kénéh héngkér pikeun siswa. Basana nu masih kamalayan sarta kurangna kamampuh nyieun rangkay jeung mekarkeun eusi artikel. Iian ti éta, siswa gé jarang merhatikeun eusi tulisan, struktur, jeung kaidah kabasaan nu bener. Ku kituna, éta tujuan pangajaran téh moal kahontal. Pikeun ngungkulan éta pasualan, perlu ayana modél pangajaran nu bisa ngarojong tur ngabantuan guru dina prosés pangajaran nu cocog pikeun siswa.

Digunakeunna modél pangajaran lantaran modél pangajaran salasahiji parobahan nu ngadasar dina kurikulum 2013. Modél pangajaran dina kurikulum 2013 ngagunakeun pamarekan saintifik ku ayana 5 léngkah pangajaran nu ngawengku: *mengamati, menanya, mencoba, menalar dan mengkomunikasikan*. (Dewi, Puspita. Spk., 2015).

Nurutkeun Helmiati (2012 kc. 19) modél pangajaran nyaéta bentuk pangajaran nu kagambar atawa ka susun ti mimiti nepi ka ahir nu dilakukeun sacara has ku hiji guru. Modél pangajaran gé mangrupa léngkah awal tina dilarapkeunna pamarekan, métode, stratégi, jeung téhnik pangajaran

Ku kituna, dumasar éta pasualan, panalungtik milih modél pangajaran nu bisa ngarojong kana prosés pangajaran nulis nu ngalibatkeun siswa dina prosés pangajaranna. Modél nu dipilih ku panalungtik nyaéta modél *Examples Non Examples*. Ieu modél bisa digunakeun salaku alternatif nu bisa ngirut siswa dina prosés pangajaran nulis, utamana nulis artikel.

Nurutkeun Buehl (dina Depdiknas. 2007) *Examples Non Examples* nyaéta taktik nu bisa digunakeun pikeun ngajarkeun wangenan konsép, nu miboga tujuan pikeun nyiapkeun siswa sacara gancang ngagunakeun 2 hal nu ngawengku *Examples* jeung *Non Examples* dina hiji konsep nu aya. *Examples* méré gambaran ngeunaan hal nu patali jeung matéri nu keur dibahas sedengkeun *Non Examples* méré gambaran ngeunaan hal nu lian dina matéri nu keur dibahas. Nurutkeun Huda (dina Astriani, Rahayu. 2017. kc. 93) *Examples Non Examples* mangrupa stratégi diajar-ngajar nu ngagunakeun gambar dina nepikeun matéri pangajaran.

Kaonjoyan modél *Examples Non Examples* nyaéta siswa bisa maham kana hiji définisi nu satuluyna digunakeun pikeun ngajembarkeun pamahaman konsép nu leuwih jero tur kompléks, siswa kalibet kana hiji prosés *discovery* (panemuan) nu ngarojong pikeun ngawangun konsép sacara progrésif ngaliwatan pangalaman *Examples* jeung *Non Examples*, siswa bisa leuwih mikir kritis dina nganalisa gambar nu rélevan jeung Kompetensi Dasar (KD). Lantaran ieu modél pangajaran téh nyiapkeun gambar, diagram, atawa tabél, ku kituna pikeun ngarojong éta hal, diperlukeun alat ngagunakeun *OHP/LCD* (bisa ku cara nampilkeun gambar dina proyéktor) nu satuluyna éta gambar téh diteuleuman jeung dianalisis ku siswa saluyu jeung arahan guru.

Pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan, ieu panalungtikan dirojong ku panalungtikan saméméhna. Sacara émpiris modél *Examples Non Examples* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis. Ieu hal dumasar kana panalungtikan sababaraha panaluntik saperti ieu di handap.

Hasil panalungtikan skripsi ku Rahmawaty, Milka (2019) nu judulna “Modél *Examples Non Examples* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019)” hasilna nya éta yén modél *Examples Non Examples* mampuh ngaronjatkeun pangajaran nulis téks biografi tina rata-rata peunteun 60,15 (kurang mampuh) ngaronjat jadi 86,53 (mampuh).

Hasil panalungtikan skripsi ku Rosita, Gita (2015) nu judulna “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)” hasilna nya éta yén modél *Examples Non*

Examples mampu ngaronjatkeun pangajaran nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples* nya éta (62) can saluyu jeung Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM), sedengkeun rata-rata sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples* nya éta (78) geus saluyu jeung Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM). Jadi, dumasar sacara émpiris ieu modél téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis.

Dina ieu panalungtikan nu dilaksanakeun, aya sasaruuan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta medar jeung maluruh ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis, ngan anu ngabédakeunna nyaéta dina matéri ajar jeung sumber data nu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, leuwih nalungtik kana matéri nulis artikel ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan nu judulna “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Artikel (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek Taun Ajar 2021/2022) perlu dilaksanakeun.

1.2 Identikasi jeung Rumusan Masalah

Sangkan leuwih museur jeung leuwih jéntré, masalah dina ieu panalungtikan diidentifikasi saperti ieu di handap.

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidentifikasi pikeun ditalungtik, nya éta:

- a. kurangna kamampuh siswa dina nulis artikel, lantaran siswa can mahan naon nu dimaksud artikel, siswa can mampu ngagunakeun struktur artikel nu bener sarta kaidah kabahasaan basa Sunda nu ngawengku diksi, éjahan jeung tanda baca, paduan paragraf sarta kasaluyuan eusi jeung téma.
- b. kurangna ngagunakeun modél pangajaran, nu antukna ngurangan karep siswa dina diajar nulis. Ku kituna, digunakeunana modél *Examples Non Examples* salaku alternatif pikeun siswa sangkan leuwih mikir kritis dina nganalisa gambar nu relevan jeung Kompetensi Dasar (KD).

- c. modél pangajaran *Examples Non Examples* geus kungsi digunakeun dina pangajaran nulis séjénna, nu dipiharep bisa ogé ngaronjatkeun kamampuh nulis artikel.

1.2.2 Rumusan Masalah

- a. Kumaha kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*?
- b. Kumaha kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, anapon dijéntrékeun saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktif atawa henteuna modél *Examples Non Examples* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*;
- b. kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*; jeung

- c. béda anu signifikan antara kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan téh bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran nulis artikel ngagunakeun modél *Examples Non Examples* sangkan jadi bongbolong jeung dadasar dina ngaronjatkeun kamampuh nulis artikel siswa kelas XII SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Mangpaat pikeun Guru

Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun pedoman atawa référénsi nalika ngajar matéri ngeunaan nulis artikel, bisa mikanyaho hiji modél pangajaran nu bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran nulis artikel kelas XII SMA, sarta bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran ngaliwatan modél *Examples Non Examples*.

- b. Mangpaat pikeun Siswa

Bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis artikel siswa, sarta ku dilarapkeunana modél *Examples Non Examples* siswa bisa leuwih aktif, mikir kritis nalika prosés pangajaran lumangsung.

- c. Mangpaat pikeun Panalungtik

Bisa jadi référénsi nyiptakeun jeung mekarkeun modél *Examples Non Examples* pikeun ngaronjatkeun kaparigelan basa nu séjénna.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi disusun jadi V bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan., idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan tiori, ngawengku modél pangajaran *Examples Non Examples*, nulis téks artikel, sintak modél pangajaran *Examples Non Examples* jeung sagala hal

nu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, prosédur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, nu ngawengku kamampuh nulis artikel saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, béda anu signifikan kamampuh nulis artikel saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.